

Ijambo rishikirijwe na Nyenicubahiro Umukuru w'igihugu, ku musi mukuru w'abakozi n'akazi

**Nyenicubahiro Mana Mushoboravyose;
Mana dushira imbere muri vyose,
Ntituzohengeshanya kukuninahaza dushima ivyiza utugirira.**

Icubahiro ni kube icawe ibihe bidashira !

Barundi, Barundikazi ;

Bakozi, Bakoresha,

1. Ejo aho bukera, tuzokwitaba ibirori vy'Umusi mukuru mpuzamakungu wahariwe Abakozi n'Akazi.

Uwo Musi tuzowuhimbaza twisunze ca civugo c'umwaka tuvuga tuti : « ***Muri uyu mwaka w'umunyamwete , Murundi wese, gira ico ukoze kugira Uburundi bushike kw'ihangiro ry'igihugu giteye imbere*** ».

Ico civugo cunganirwa n'icivugo ca kuno kwezi kwa rusama, naco kikaba kivuga kiti:« ***Tugwize umwimbu tuzirikana ihangiro ry'igihugu cifashe mu 2040, giteye imbere mu 2060*** ».

**Barundi, Barundikazi,
Bakozi, Bakoresha,**

2. Iyo tuvuze kugwiza umwimbu, ni ukuvuga ko umuntu wese ategerezwa kurema itunga rishasha uko bukeye uko bwije.

Muca mwumva rero ko uyu mwaka ari umwaka wo kwigiza kure ico cose cosamaza umuntu, bigatuma asubira inyuma mu bijanye n'ubutunzi, canke akaguma hahandi.

Dushaka ko Umurundi wese yikubita agashi akaba umunyamwete kugira ashike kuri rya hangiro ry'umurundi wese : Kugira umwidegemvyo mu bijanye n'ubutunzi.

Turipfuzwa ko uyu mwaka wohera ata muntu agiteze amaboko.

3. Uri umunyamwete, igikorwa naho coba kigambaraye ukungana iki, umutima wawe uragutonganya mu gihe utagikoze.

Mu banyamwete, ni ho tubona abantu , naho imyaka yoba ibaremereye, baguma bita ku rutare, bakora ijoro n'umutaga, gushika aho mbere uza wumva bavuga ngo :

« **Reka ndime ndonke ivyo nzosiga mu nzu, ejo ni baza kumpamba, ntibazovuge ngo ntagipfuye** ».

4. Uwo mwete ni wo dukeneye ; umwete umuntu yiyumvamwo nk'umuhigo, hamwe yibwira ati : « Ntegerezwa gukora atari ukubera babintegetse, ariko nyabuna kubera numva ko ari ryo teka ryanje ».

Iteka ry'umuntu na ryo nkuko tubizi, ni iry'umuryango wiwe.

Imiryango na yo yihaye iteka, ni igihugu cose kiba kironse iteka, kubera ko igihugu ari urufatangane rw'imiryango.

**Barundi, Barundikazi,
Bakozi, Bakoresha**

5. Gukora ni iteka kandi Imana irahezagira abakozi.
N'impanuro dukura mw'ijambo ry'Imana, zishimikira ku bikorwa.

Umutumwa Yakobo ati : « Ukwemera kutagira ibikorwa, kuba kwarapfuye ».

Umwanditsi w'igitabu c'imigani muri Bibliya nyeranda nawe ati :
« Wa kinebwe we, uzoryama gushika ryari ? Uzova mw'itiro ryari? Ugusinzira gatoyi, uguhunyiza gatoyi, ukurera amaboko gatoyi mu kwiryamira, bituma ubworo bukwinjirana nk'ikiyererezi, ubukene na bwo nk'igisuma.

Kuva kera, Abasokuru baraduciriye umugani bavuga bati :
« Uwutarima ntamira ».

Ukaba ubona uno musu uri umukene rero, nurabe neza iyo ubworo bwawe bwavuye, hanyuma witeko umwikomo, aho kuwuta ku bandi.

Barundi,

Barundikazi,

6. Mu gihugu cacu turacariko turiga gukora.

Aho hambere hahise, twaritiranya gusukurira abandi no kwikorera. Ni co gituma dushimira abamaze gutahura ico ari co gukorera igihugu no kwikorera, bazi neza ko hari amasaha yo gukorera abenegihugu n'amasaha yo kwikorera mu kugwiza umwimbu.

Abo ni bo bariko batuma igihugu gihindura ishusho kuko uwukorera uwundi, nta kindi atari ugukorera inda gusa, agapfa ataco asize. Ariko, hariho n'abagipfisha ubusa amasaha arenga cumi n'atandatu ku musu;

Hakaba n'ababesha ngo bamaze amasaha munani ku kazi, naho bayamaze gusa, aho akazi gakorerwa.

7. Abo bamaze gutahura, ni bo bariko barema itunga, ni bo kandi bahaye n'akazi bagenzi babo.

Tumenye neza ko uyu musu ari uw'abakozi n'akazi.

N'umusi wo kumenya ko umukozi atari umuja w'umukoresha, ahubwo ko abo babiri ari magiriranire.

Umukoresha yazanye igikorwa n'umutahe, umukozi nawe azana ubwenge n'ubukomezi.

Iyo abo babiri bakoranye bashize hamwe umutima n'inama, baraheza bakagwiza umwimbu.

Ni co gituma bagengwa n'amategeko kugira ntihagire abagunga abandi.

8. Turashimiye abakozi bakwirikiza amategeko y'akazi kandi bakakarangurana umwete ; wa mwete utarindira igitsure. Turashima kandi ko ibiganiro hagati y'abaserukira Reta, abaserukira abakozi n'abaserukira abakoresha bigenda neza, kuko bayaga bashira hamwe ingene akazi kariko karagenda, n'ingene koterabere gusumba.

Ariko rero ngume nibutsa: Leta ni igihugu, igihugu na co si umukoresha, kiretse mu mashirahamwe y'igihugu agwiza umwimbu.

Abakorera igihugu ni bamenye ko ari abasuku basukurira abenegihugu. Iyo baba bari abanyakazi, umukoresha na we akaba ari umwenegihugu, bisigura ko n'uwo nyene akora, na we abayikoresha.

Mbega uwikoresha, yokora gute ? Yosaba iki umukoresha ko ari we nyene ?

9. Turashima cane ko abakozi n'abakoresha batahura ko ahatari uburongozi bwiza, iterambere ry'abakozi n'akazi rica rihungabana, umwumvikano ku kazi n'umwimbu bigaca bigabanuka.

Ikiduha umwizero wa kazoza keza k'akazi, ni uko abakozi benshi bamaze kwumva ko ingorane ziduhanze twese uno musi ari ubukene.

Ubwo na bwo, kurya nyene aho kwidogera umwijima wopfuma watsa urumuri, aho kwidogera ubukene ni ukubugomorerako ingabo z'abakozi, zikaburwanya gushika zibutujije.

Ni ukuvuga ko twokora tugize urunanini rw'intamenwa, tuyoboka abakoresha, twese twumva ko dusangiye ugupfa n'ugukira.

**Barundi, Barundikazi,
Bakozi, Bakoresha,**

10. Imbere yuko notanga impanuro, reka ntangure ngire ico mvuze ku vyaranguwe ku ruhara rw'uburongozi bw'igihugu.

Burya ngo itara ryakije ntiriyihisha ; ivyaranguwe birivugira.

Ku bijanye n'abakozi ba Leta, ico twari twiyemeje kwari kugira uburinganire bw'agashirukabute, abakora bimwe bagahabwa agashirukabute kangana.

Mvuze agashirukabute kuko umusuku w'abenegihugu ntahembwa nk'umunyakazi, kuko si umucangero.

Ico gikorwa rero caratanguye kuja mu ngiro naho hari abo twasanze baribagiwe kubera bakorera mu bisata bidasanzwe. Ariko na bo nyene borema.

11. Icatumye duteba, ni uko abo twatumye, twasanze muri bo, hari abatari bwamenye gutandukanya ibikorwa vy'abagenwa mu mabanga n'ibikorwa vy'abahinga.

Mu bisanzwe, abahinga ni bo baharurirwa agashirukabute, mu gihe abagenwa na bo babaha gusa agahimbazamusyi kiyongera ku gashirukabute bahora baronka ku gikorwa c'ubuhinga.

Aha ndahanoganza kugira tubitahure kumwe.

Uwugenwa mu mabanga, ayajamwo avuye mu gikorwa c'ubuhinga. Kandi iyo avuye kuri iryo bango asubira ku gikorwa c'ubuhinga. Ni ico gikorwa c'ubuhinga rero gifise agashirukabute kuko n'ipete riraduga.

Ubu rero ababijejwe bariko barasuzuma ivyo bikorwa vy'ubuhinga muri ivyo bisata bidasanzwe kugira bashinge agashirukabute kavyo.

12. Ica kabiri, kwari uguherekeza abakukuruke ngo bagire ubuzima bari mu karuhuko k'iza bukuru.

N'ico gikorwa kirarembye naho kitari caroshe.

Ivyigwa bigeze ku ntambwe ishimishije; igisigaye, ni ukurondera uburyo Reta yokwongerereza amashirahamwe ategukaniriza kazoza abakozi.

Kubera amikoro atari ikirenga, ico gikorwa kizokorwa intambwe ku yindi.

Ubu tukaba turiko turaharura ibice kw'ijana vy'agashirukabute bahora bahembwa, vyoba biratangwa mu kurindira ko hatangwa agahembo kangana n'umushahara umukukuruke yari agezeke.

Tuzobikora isemo kw'isemo, kuko murazi ko n'ukuboko kwiyege aho gushika.

Uko umwimbu uzoza uraduga, na bo bazodugirizwa.

Ni co gituma dusaba abakiri ku kivi gukorana umwete n'ubwira kugira iryo hangiro turishikeko hakiri kare.

**Barundi, Barundikazi,
Bakozi, Bakoresha,**

- 13.** Ku vyerekeye abakozi atari abasuku; uburongozi bw'igihugu murazi ko bugendera ku civugo c'uko umunwa wose uronka ico ufungura, umufuko nawo ukaronka amahera.

Ni yo ntumbero twashaka gushikako mu gushinga amakoperative ku mitumba yose, no kuyasahiriza mu kuyagurana umutahe w'intango.

Ni no muri iyo ntumbero twashizeho umugambi PAEEJ wo kurema umwidengemvyo w'urwaruka mu butunzi, no kuruha akazi.

Ni co catumye kandi dushiraho ibanki y'urwaruka n'iy'abakenyezi kugira zihe ingurane urwaruka n'abakenyezi bafise imigambi y'iterambere.

Mbere, twaciye dushiraho ikigega c'ubwishingizi FIGA kugira ngo abatagira ingwati mu gusaba ingurane boroherezwe.

- 14.** Mu gisata kijanye no kuronderera kazozo abenegihugu atawusigaye inyuma, imiryango yugarijwe n'ubukene ntiyibagiwe.

Kugira nayo ironke inzira yo kwiteza imbere mu bikorwa, umugambi w'igihugu « **MERANKABANDI** » uheruka gukwiragizwa mu gihugu cose.

Ku ntara 18, 12 ziramaze kuronswa uburyo ku miryango yababa ibihumbi ijana.

Muri uwo mugambi « **MERANKABANDI** », urugo rwose ruzoronka amafaranga ibihumbi mirongo_indwi na bibiri, uko amezi abiri aheze.

Turizeye yuko inyuma y'imyaka ine ata murundi azoba acidoga ngo ndabuze ico nikenusa.

15. Kubera utwo twigoro twose, kuri uyu musu uri hejuru, abantu benshi ntibidoga, kuko mbere, hariho uburere bavuga ko umukene ari ikinebwe gusa, kuko n'uwutagira umugambi araronka abamuha akazi.

Ubu turahaye turabona inyishu kuvy twipfuzako kuko, uteje amaso mu mitumba, urabona ko haca ibibatsi kubera amazu y'amabati ariko aragwira ku bwinshi.

Ico ni ikimenyetso kitabesha ko na nyarucari yatanguye kuba umukire.

Erega turazi ko atawubakisha amabati n'amatafari aturiye yaraye ubusa.

Turabibona kandi iyo turiko turatemberera abenegihugu, kuko ubu, abagenda ibirenge bisa basigaye ku rushi; abambara ibishambara basigaye hake, mbere n'ingwara ziragabanuka uko bukeye uko bwije kubera benshi bafise ivyo bafungura.

Biraboneka kandi ko n'abarundi bafise amahoro ku mutima kuko ahatagira inzara ntihagira inzigo.

16. Turashimishwa n'ibikorwa vy'urwaruka, turabona ko bari ku kivi. Akabirya, nta kazi na kamwe bagifata minenerwe. Ku rwaruka rw'ubu, ifaranga ntirigira akamoto, barihiga aho riri hose kiretse ukwiba.

Mu myaka ine umugambi PAEEJ umaze, waratumye igihugu cisunurura, urwaruka rwinshi ruraronka n'akazi.

Birahimbaye kubona mu rwaruka rwafashwe mu mugongo na PAEEJ, harimwo abatanguye gukabakaba mu ntoki umuriyaridi w'amafaranga y'amarundi!

17. Turateye intege rero abarundi bose kugira babe abagwizatunga, gutyo dushike tudatevye kuri rya hangiro ry'umurundi ateye imbere.

Abagwizatunga bagiye imbere abandi mu kugira imigambi y'iterambere no gutanga akazi, ivyo basaba kugira umwimbu ugwire, turabizi.

Ni umuyagankuba kugira bahingure, ni amabarabara kugira bashobore kwunguruza ibidandazwa vyabo, ni kandi no kworoherezwa mw'irangurwa ry'imigambi yabo.

**Barundi, Barundikazi,
Bakozi , Bakoresha,**

18. Uno musi rero umukozi wese yibaze kandi yiyishure: « Mfise iki, mbuze iki kugira nkore ibikorwa biduza ubutunzi, kugira nanje ntere imbere, mere nk'abandi ?
Uburundi bubuze iki kugira bumere nk'ibindi bihugu biteye imbere?

19. Tuvuze ibihugu bitunze, aha ngira ngo abagwizatunga baca bumva ko bahamagawe mu bambere.

Noneho turavyibonera, turabona ko muri ku kivi.

Mu myaka mike cane, mwarashinze amahinguriro mu ntara nyinshi z'igihugu, mu bisata bitandukanye, haba mu vy'uburimyi, inyubako, amahoteri yakira ingenzi, guhingura ivyuma, ibinyobwa n'ibindi.

Mwarahaye akazi abantu benshi, muratanga amakori n'amatagisi, muranasahiriza mu bikorwa bimwebimwe mu vy'imibano, nk'ukwubaka canke gutanga ibikoresho mu mashure, amavuriro, n'ibindi.

20. Abenegihugu basanzwe, na bo nyene bari ku kivi, ndabibashimiye.

Baritaba ibikorwa vy'agatasi, ivy'impeshi n'ivyo mu myonga.

Ubu mbere vyarateye iyindi ntambwe, basigaye barima no mu ci, igihe tuzi twese ko cahora kirangwamwo ubunebwe, ugusesagura mbere n'ingeso mbi nyinshi.

Ubu, ni abakozi b'ukuri ; ni abanyamwete.

21. Naho biri uko sinorangiza ntakebuye abataratahura ibidindiza iterambere ry'abantu:

Ku bantu b'ibinebwe, ngira mere nk'umutumwa Paulo igihe yahimiriza abanyatesaronika kuko akari mu mpene ni ko kari no mu ntama:

Turumva yuko muri mwebwe harimwo abirirwa biyererera, bakibera ngaho, ntihagire ico bakora ariko bakisuka mu vy'abandi. Turabategetse benewacu, nimuhunge uwo muvukana wese yishinga kurera amaboko. Hagize umuntu adashaka gukora, ntaronke impembo kandi no kurya ntakarye. Abo ni bo batara ubukene mu gihugu.

22. Namwe bakoresha, twarumvise ko hari muri mwebwe abarenganya abakozi bakorera amashirahamwe yanyu. Mbere bamwe bakanka kubategekaniriza kazozo, abandi ntibabavuze, abandi nabo bakabirukana ata mvo.

Twarumvise kandi ko hariho utunenge mu mategeko amwamwe ntunganyakazi y'amashirahamwe, ategekanya ko umukenyezi agiye mu karuhuko ko kwibaruka aronswa igice c'umushahara.

Turashimishwa nuko indongonzi zabaye koko indongozi mvyeyi z'ubuntu, zitihuse kubishira mu giro.

Turasavye ababijejwe ko bokosora vuba bwango, utunenge twoba turi mu mategeko ntunganyakazi nay'agenga abakozi n'akazi abohera mu mugongo umukozi.

23. Twarumvise ko gushika n'ubu hariho abakoresha batarategera akamaro k'amashirahamwe aharanira agateka k'abakozi, ndetse badaha n'ijambo abo bakoresha.

Nabo ndabategetse kubitegera no kuja inama n'ingingo, kuko umukozi si igikoresho bakoresha giheze bagata ngaho.

Umukozi ni umuntu yazanye umutahe w'ubwenge n'inkomezi kugira mushire hamwe mugwize umwimbu.

None rero ku mwimbu mwaronse, umwe wese naronke ibimubereye.

Umwe wese atange ubushobozi bwiwe, umwe wese aronke ibijanye n'ico yakoze; naco kikaba kibonekera ku mwimbu.

24. Ku mashirahamwe agwiza umwimbu y'igihugu, n'ubu ngira nsubire gutera akamo abayarongoye.

Mumenye ko aya mashirahamwe atamutahe w'amahera mwayazanyemwo, nyene umutahe ni igihugu.

Nico gituma mwobumbwa n'impembo yanyu, inyungu nayo ikaja gusahiriza mu vya nkenerwa vy'abenegihugu.

Ntituze dusubire kwumva mwakuyeko n'akavunji ku nyungu. Nimwaba mutaberewe n'impembo, murabivugira ahabona.

Dusavye ama syndicats y'ayo mashirahamwe kurikanura, muharanire inyungu z'igihugu, mudomeko urutoki abanyuruza canke abasesagura itunga ry'igihugu.

25. Ku barundi bose iyo bava bakagera mugume muzirikana ko muri uyu mwaka w'umunyamwete, Umurundi wese ahamagariwe kugira ico akoze, kugira Uburundi bushike kw'ihangiro ry'igihugu giteye imbere.

Tuvuze iyo abarundi bava bakagera, tuba tuvuze n'abari ishwi, bakorera mu bindi bihugu.

Na bo nyene bahamagariwe kuvoma batahana, kugira bazaronke aho bazoshikira batashe.

Barundi,

Barundikazi mwese,

26. Mu giswahili abakurambere barayamaze bati : « **Mudharau kazi hufa masikini** ».

Ku batumva urwo rurimi, ngo « Winenaguza akazi ukapfa uri ntahonikora ».

Imbere y’ugusozera, ndasubiye gukebura Abarundi bose ngo musezere burundu ibintu vyo kunebagura akazi mufise.

Uko kari kwose, gakore, Kuko ako ugaya hari abandi gatunze mw’iteka ryabo.

Ntihagire rero uwurera amaboko ngo yabuze ico akora.

Ugukora ni kwo gutanga inyishu ku bibazo vyose abarundi babaza bijanye n’amikoro make.

27. Ni ngaha mbere nsozereye nsubira kwipfuriza abakozi bose umusi mukuru mwiza, muwuhimbaze mwibukanya ibikorwa bisigaye mutegerezwa gukora, maze mwihe intumbero nshasha izotuma umwaka uza, nk’aya mango, mushika ku mwimbu ubatera iteka ugatera iteka n’igihugu cose.

Umusi mukuru mwiza mwese;

Murakoze, Imana ibahezagire.